



**Gid pou Lave men ak**  
**Ki jan Aksyon Entènasyonal(Dlo Pwòp) ede moun fè Dlo pwòp?**  
“Dlo klè pa vle di Dlo pwòp”

***Asire w' ke w' Toujou Lave Men  
w'...***

- **Anvan epi apre ou manyen osinon manje nenpòt bagay ki bon pou moun manje...PA JANM BLiYE FE SA**
- **Toujou lave men w' lè w' sòti nan twalèt**
- **Toujou lave men w' lè w' fin estennen, touse osinon mouche nen w'**
- **Toujou lave men w' apre w' fin manyen osinon netwaye yon zannimo (bèt)**
- **Toujou lave men w' apre w' fin manyen fatra**

***Poukisa nou dwe gen sousi pou dlo pwòp?***

Lontan nan lane 1849, nan peyi Angle, Doktè John Snow tap poze tèt li kesyon pou konnen poukisa anpil moun nan vwazinay li te trape kolera (yon maladi ki bay moun anpil dyare). Li te jwenn jèm (mikwòb) nan dlo yo te konn bwè ki t sòti nan ponp yo. Doktè Snow te fè moun yo fè yon kanpe sou bwè dlo ponp yo. Sa te fè yo sispann trape kolera. Grenmesi Doktè Snow nou konnen dlo ki pa pwòp fè moun malad! Jodi a yo rele li yonn nan papa epedemyoloji – **Kèt! Yon Gwo mo! Li vle di etid moun fè sou lasante ak maladi.**

***5 Men etap fasil ki fè lave men avèk savon tounen yon tijwèt ki bayanpil filing !***

1. Ou mèt komanse fè kè w' kontan! Ou pare pou lave men w'? Kèt!
2. Koulyè a ou pa ka tann, pa vre? Ou pare pou lave men w'. Twouse manch chemiz ou, fè men w' bèl epi seche l'. Fèmen wobinè a pou dlo a pa gaspiye!
3. Men pati ki bay filing tout bon vre a! Fwote savon an sou tou de men yo nèt pou yo ka vi n bè;l avèk ti boul kristal klere. Gade pou wè si w' ka fè men ki kouvri avèk plis kim savon yo rive nan klas wa !
4. Fè vit! Fwote men w' nan mezi w' kapab rapidman pandan 30 segond! Chante yon ti istwa ke w' renmen pandan de fwa depi nan tèt rive jouk nan bout. Pandan w'ap chante a, asire w' ke tou de men w' kouvri nèt ak ti bèl boul kristal ke kim savon an te fè yo .
5. Lè w' fin chante, ouvè robinè a, mete tou de men w' anba li pou ka rense yo. Pa blye sèvi ak dlo pwòp pou retire nèt kim savon an sou men w'.
6. Seche tou de men w pou kras pa kole ladan yo!

## **Ki jan Aksyon Entènasyonal (Dlo Pwòp) fè pou yon Dlo vi n pwòp?**

Aksyon Entènasyonal (Dlo Pwòp) sèvi ak klowoks pou fè dlo bon pou moun bwè. M'a p parye avèk ou w'ap mande tèt ou ki sa klowoks ye. Se yon bèle kesyon! Klowoks se yon eleman chimik ki touye mikwòb ak bakteri. Se yon chimist nan peyi Lasyèd ki te dekouvrir l nan lane 1774. Doktè John Snow te sèvi avèk li pou trete dlo nan lane 1850!

Jodi a plis pase 98% sistem dlo ki gen sou latè sèvi ak klowoks pou trete dlo pou moun ka bwè san kè sote!

Si w' ka goute ak pran sant yon ti klowoks la nan dlo w' ap sèvi, sa se yon bòn nouvèl! Sa vle di dlo wa p sèvi a bon pou bwè san kè kase. **Sonje sa!** – Depi klowoks la touche dlo a, li pran 40 minit pou l fè l' pwòp. **Pa sèvi ak dlo a toutotan 40 minit poko pase.** **Si se pa sa, ou pa ka sèvi ak dlo sa a san kè sote!**

### **Elèv la tounen mèt**

Aswè a ou se mèt la! Aprann zanmi w' yo, fanmi w' ak vwazen w' yo tout sa ou te aprann sou enpòtans dlo pwòp ak lave men epi kisa Aksyon Entènasyonal(Dlo Pwòp) ap fè. Asire w' ke paran w' yo ap fè travay la!



**Atansyon! – Pa manje ni manyen klowoks. Si w' manyen l' osinon manje l', retire sa rapidman nan men ou oubyen nan bouch ou.**

### **Chèf (Lider) nan zòn wa di:**



"Anvan sa dlo a te klè. Men sa pa te vle di ke li pa te kontamine. Apre Aksyon Entènasyonal fin enstale aparèy pou trete dlo avèk klowoks sou rezèvwa (chatodo, tank) dlo yo, **pa gen pyès ti moun ki te tonbe malad ankò epi tout moun te santi yo pi byen.** Nou te konn genyen epidemi lafyèy, malarya, kolera, tifoyid ak epatit. Koulyè a mwen wè yon gwo diferans...

*Jean Raymond Herard*

Prezidan Vila Rosa nan Pòtoprens

### **Aparèy ke nou sèvi pou trete dlo ak klowoks epi ki jan li fonksyone**

Ou konnen klowoks fè dlo a bon pou bwè san kè sote. Men ki jan pou fè klowoks la rive nan dlo a? Se pou tèt sa nou genyen aparèy pou trete dlo avèk klowoks yo. Aparèy sa a ale anlè tèt rezèvwa dlo a. Sèlman yon ti pati nan dlo (ant 10 a 20%) ki bezwen pase nan aparèy la pou li ka dezenfekte-rès la ale dirèkteman nan rezèvwa a ak tout mikwòb yo. Se klowoks ki te pase nan aparèy la ki trete tout rès dlo a, sètadi ki fè li bon pou moun bwè san kè kase. Bon dlo ale nan rezèvwa ansanm avèk dlo ki gen mikròm nan, Tou de dlo sa yo mele ansanm. Bon dlo a dezenfekte dlo ki gen mikwòb nan rezèvwa a. Apre 40 minit tout dlo ki nan rezèvwa a vin bon pou bwè san pwoblèm .

**Dezenfekte** = touye mikwòb